

KI SA LI VLE DI POU GENYEN YON SAL KLAS KI ENTEGRE TOUT MOUN

Ki sa ki fèyon Sal klas Entegre Tout Moun?

Timoun ki gen andikap yo gen dwa pou yo resevwa yon edikasyon piblik epi pou yo fè pati edikasyon jeneral sal klas la. Lwa Federal fè konnen elèv ki gen andikap yo fè pati elèv edikasyon jeneral yo. Sa vle di yo se yon pati enpòtan nan klas edikasyon jeneral yo an.

Avantaj entegrasyon yo klè. Nou konnen lè ou entegre vle di elèv ki gen andikap yo pase plis tan nan etid yo epi reyalize plis. Yo patisce nan aktivite ki pa nan etid yo epi devlope pi gwo relasyon sosyal lè yo gen opòtinite pou kominike avèk kamarad ki pa andikape yo. Elèv san andikap yo benefise yon bann estrateji ansèyman avèk akomodasyon pwofesè yo itilize. Yo aprann ede epi bay valè youn avèk lòt.

Entegrasyon se pa sèlman lè ou **nan** yon klas edikasyon jeneral. Entegrasyon travay sèlman lè pitit ou a aprann epi aplike kontni ki gen sans avèk reyinyon objektif IEP yo **avèk** kamarad klas menm laj ki pa gen andikap Konsa, ki jan ou konnen si pitit ou an **nan** sal klas la? Men kèk obsèvasyon ou ta kapab fè sou anviwònman yo nan yon salklas akeyan:

- Tablo yo ranje an gwoup nan alantou sal klas la. Sa pèmèt kamarad yo aprann, gen angajman, avèk sosyalizasyon nan mitan elèv yo. Elèv ki pèfòman yo ap gen plis rezulta pozitif.
- Yo itilize aprantisaj vizyèl, tankou orè chak jou, revèy, postè, epi tablo yo. Anpil elèv yo se elèv k ap aprann avèk sa yo vize, epi menm moun ki pa jwenn avantaj sipò sa.
- Liv avèk nivo yo, materyèl manipilatè avèk sant ki gen aktivite pratik yo disponib, bay yon latrìye materyèl aprantisaj pou **tout**.
- Yon pwogram konpòtman pou klas la sipòte konpetans pozitif sosyal avèk konpòtman elèv yo. Menm si gen yon pwogram nan tout lekòl la, elèv yo jwenn avantaj sipò ki prepare pou bezwen espesifik yo ki nan sal klas la.
- Teknoloji (ki gen ladan teknoloji asistans) ki disponib pou sipòte elèv yo. Bagay sa yo kapab senp, tankou kreyon, gid lekti, oswa nòt kole; oswa konplèks, tankou lojisyèl tèks pou lapawòl, tablèt, oswa aplikasyon ki baze sou entènèt.



* Monkey Business Images/Shutterstock.com

* Adapte sou <http://www.theinclusiveclass.com/2016/04/5-signs-that-classroom-is-inclusive.html>

Lòt Eleman nan yon sal klas Entegrasyon

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou sijè sa yo lè w kontakte FIN lokal ou a.

Premye Langaj Moun – Sa se pratik pou sèvi avèk lang ki refere ak moun nan anvan andikap oswa tit la. Epa egzanp, li montre plis respè epi li onore moun nan lè ou di "Timoun nan gen bezwen espesyal " tan pou ou di "Timoun bezwen espesyal la." Pale avèk moun nan avan!

Konpetans Prezime – Ki rele tou "sipozisyon ki mwen danjere," konpetans prezime se lè ou gen gwo atant pou aprann, reflechi, ak konprann. Ou kapab toujou fè bagay yo pi senp, men pa gen okenn moun ki blese lè ou vize wo pou kòmanse.

Moun ki Kwè yo ka Grandi - Dapre Carol Dweck (2015), moun ki gen kwè yo ka grandi kwè yo kapab amelyore kapasite debaz yo tankou entèlijans avèk talan nan travay di avèk efò. Sa a se kontré a moun ki pa kwè yo ka chanje, kote yo kwè kalite debaz sa yo se trè ki fikse.



* Pixelbliss/Shutterstock.com



* Rawpixel.com/Shutterstock.com

Konsepsyon Invèsèl pou Aprantisaj (Universal Design for Learning, UDL)


– Menm jan avèk ranp pou chèz woulant, koub nan twotwa, lèt ki ekri ki elve nan asansè yo, tout moun kapab itilize, UDL nan salklas la se yon fason pou desine plan lesón yo ki konte pou varyasyon avèk konplèks moun k ap aprann epi elimine baryè yo pou tout moun kapab jwenn aprantisaj etidyan yo.

Diferans – Lesón yo kapab chanje, oswa gen diferans, lè yo sèvi avèk kontni yo, pwosesis pou anseye kontni an, oswa pwodwi yo itilize pou mezire aprantisaj, ki baze sou evalyasyon elèv k ap aprann nan.

Akomodasyon avèk modifikasyon yo - Tou de nan sa yo se eleman ki kapab ekri nan yon IEP pou satisfè bezwen yon elèv, epi yo dwe founi yo si yo ladan. Akomodasyon yo chanje nan fason yo anseye oswa evalye yon bagay, epi yo souvan fè pati sa ki bon anseye pou tout elèv yo. Modifikasyon yo chanje kontni ki anseye. Se sèlman elèv ki gen andikap koynitif yo ki kapab jwenn chanzman.

Ko-ansèyman oswa Fasilitasyon Sipò - Salklas ki entegre elèv yo souvan genyen plizyè gramoun nan orè yo. Lè de (2) pwofesè ki satisfè egzijans sètifikasyon yo ap anseye nan menm tan, chak jou, pou tout tan, yo rele sa ko-ansèyman. Sipò fasilité se de pwofesè ki sètifye k ap anseye sou yon orè regilye, men pa chak jou pou nan peryòd ansèyman an.

Kolaborasyon - Anpil granmoun travay ansanm pou satisfè bezwen elèv nan salklas entegre yo. Yo dwe planifie, aplike, evalye lesón yo, epi deside kisa ki nesesè pou tout elèv yo kapab aprann.



Ki jan ou kapab rekon t si enklizyon ap mache pou pitit ou a?

✓	Lè w vizite salklas la, ou wè pitit ou ki patisipe nan aktivite aprantisaj kamarad menm laj ki pa gen andikap yo.
✓	Lè ou patisipe nan reyinyon paran pwofesè oswa reyinyon IEP, pwofesè edikasyon jeneral la konnen pitit ou byen epi li gen gwo atant.
✓	Lè w vizite salklas la, ou wè kamarad klas pitit ou a k ap ede youn avèk lòt nan etid epi lòt aktivite
✓	Pitit ou a sèvi avèk teknoloji pou sipòte aprantisaj epi li kominike avèk kamarad klas ki pa gen andikap yo.
✓	Pitit ou an pote lakay diferan kalite travay ki ba li yon chans pou montre fòs avèk enterè.
✓	Pitit ou a an jeneral kapab fè devwa pou fè lakay li poukont li.
✓	Chèz timoun ou an ki nan sal klas la pa separe avèk chèz kamarad ki pa gen andikap yo.
✓	Orè chak jou pitit ou a plis nan salklas edikasyon jeneral la.
✓	Pitit ou an patisipe nan aktivite ki pa nan pwogram yo, tankou espò oswa klèb yo, avèk elèv ki pa gen andikap yo.
✓	Pwofesè a montre angajman pou satisfè tout kalite bezwen elèv k ap aprann nan klas la.
✓	Pwofesè a selebre reyalizasyon tout elèv pandan ane a.
✓	Pitit ou pale byen sou lòt elèv nan klas la.
✓	Pitit ou a jwenn akèy lòt elèv nan klas li a.
✓	Pitit ou a renmen ale lekòl.

Menmsi salklas pitit ou a pa gen tout kalite sa yo ladan, lis ki an wo a kapab ede w kòmanse yon konvèrsasyon sou sa ou ta renmen wè pou pitit ou. Pataje panse ou avèk dezi ou avèk pwofesè yo kapab souvan ede yo panse sou fason pou ogmante patisipasyon avèk aprantisaj pou pitit ou a. Gen anpil lòt resous ki disponib pou w pataje avèk pwofesè pitit ou yo. Tcheke resous yo nan pwochen paj la pou plis enfòmasyon.



*Li enpòtan pou sonje bagay sa yo
ou wè sa k ap pase nan sal klas entegre yo
kapab yon avantaj pou tout elèv, pa sèlman pitit ou a!*

**Ki sa ou kapab fè
pou sipòte pratik
entegrasyon ki efikas yo nan sal
klas pitit ou an?**

Mande pwofesè pitit ou a ki sa ou kapab fè lakay ou pou fè li vin pi fasil pou pitit ou a, tankou èd ak pwojè devwa espesyal yo oswa pratike vokabilè avèk konpetans komunikasyon yo.

Rete okouran sou sa pitit ou a ap aprann nan lekòl. Mande pwofesè pitit ou a pou li pataje rezulta pwogrè pitit fi oswa pitit gason ou a chak semèn.

Li istwa pou pitit ou a sou zanmitay avèk apatenans. Pale kijan pou fè zanmi nan lekòl. Mande pitit ou a pou li desine yon foto oswa ekri sou sa zanmitay vle di pou li.

- Kòman zanmi yo ede youn lòt?
- Ki kèk bagay zanmi yo fè ansanm?
- Kòman pou fè nouvo zanmi?

Pataje lide avèk lekòl la sou sa ki ede pitit ou a aprann lakay, kominike, oswa difikilte konpòtman / sosyal Ouvè komunikasyon ant lakay avèk lekòl pral ede sipòte timoun ou an aktivite chak jou avèk aprantisaj.

Fòk ou se yon sitwayen lekòl. Patisipe nan aktivite yo, tankou Òganizasyon Pwofesè Paran, oswa Komite Konsèy Lekòl la. Volontè pou pwomnad yo avèk lòt aktivite kote yo bezwen manm fanmi yo.

Ede sipòte lòt fanmi yo, espesyalman sa yo ki genyen elèv avèk andikap yo. Menm yon ti jès tankou yon apèl nan telefòn oswa mo janti kapab vle di anpil lè yon fanmi ap debat.

Remèsyé pwofesè yo pou jefò yo fè pou entegre pitit ou a. Voye nòt remèsiman. Selebre siksè yo, nenpòt jan sa piti. Fè direktè a, siveyan jeneral la, avèk manm konsèy lekòl la konnen kijan pwofesè yo ap ede nan entegrasyon pitit ou an.



Eskane kòd QR la pou tcheke lòt F.A.C.T. Folios (Feyè F.A.C.T.) pou jwenn plis detay souou entegrasyon!

Verifye sit entènèt sa yo pou pls lide pou sipòte entegrasyon pou pitit ou a:

Entegrasyon Rezo Lekòl Yo:

www.inclusiveschools.org

Sant Resous ak Enfòmasyon pou Paran:

www.parentcenterhub.org

Enstiti sou andikap:

www.iod.unh.edu



Jwenn FIN ki pi pre ou a sou sit entènèt nou an:

www.FloridaInclusionNetwork.com

oswa rele gratis sou nimewo 1-888-232-0421

